

# Operasyon pou Kansè

Surgery for Cancer – Haitian Creole

Doktè kapab itilize operasyon pou evite, dekovri oswa trete kansè. Yon lòt rezon operasyon an ta ka fè t se pou ede soulaje sentòm yo oswa pou pran swen pwoblèm kansè a lakòz yo. Pafwa doktè a kapab itilize operasyon pou kansè pou plis pase yon rezon.



## Fason doktè kapab itilize operasyon pou kansè

- Pou ede evite kansè:** Operasyon an ede evite kèk kansè. Pou fè sa li retire bagay tankou yon kwasans oswa yon pati kò a kote kansè a taka kòmanse.
- Pou dekovri kansè a:** doktè a ta ka fè operasyon an pou retire yon ti moso tisi epi pou teste li. Sa rele yon byopsi. Pi souvan, fè yon byopsi se sèl fason pou konnen si yon moun gen kansè ak ki kalite kansè moun nan genyen.
- Pou konnen etap yon kansè:** Doktè a ta ka itilize operasyon pou gade kèk pati nan kò a pou chèche konnen ki kantite kansè ki genyen, si li simaye, oswa kijan li simaye.
- Pou trete kansè a:** Doktè a kapab fè operasyon pou retire tout kantite ki posib nan kansè a. Pafwa operasyon se sèl tretman ki nesesè. Lòt fwa yo tretman tankou radyoterapi oswa kimyoterapi pral nesesè anvan oswa apre operasyon nan.
- Pou ede soulaje sentòm yo:** Doktè kapab itilize operasyon pou trete pwoblèm yo akòz kansè a, tankou doulè oswa presyon timè a lakòz.



## Fason pou pare pou operasyon

Men kèk bagay ou ka bezwen fè pou ou pare pou operasyon an:

- Fè ekip swen kansè ou konnen tout medikaman, vitamin, oswa sipleman w ap pran. W ap bezwen fè ekip operasyon ou konnen enfòmasyon sa yo tou. Yo ta ka mande ou pou sispann pran kèk ladan yo anvan operasyon an.
- Ou ta ka bezwen fè kèk tè s tan, tès imajri tankou radyografi, oswa lòt tès anvan operasyon an.
- Yo ta ka mande ou pou sispann manje ak bwè pou yon tan anvan operasyon an.
- Yo ta ka ba ou medikaman pou ede ou vide entesten ou anvan operasyon an.
- Yo ta ka ba ou enstwiksyon espesyal pou benyen nan douch oswa pou netwaye po ou anvan operasyon an.



## Efè segondè operasyon

Efè segondè yo depannde kalite operasyon ou fè a. W ap gen efè segondè ki pi komen yo nan zòn kò ou kote ou te fè operasyon an, tankou:

- Doulè (yon efè segondè ki komen anpil)
- Enfeksyon
- Senyman
- Yon kwout oswa yon sikatris

- Kèk lòt efè segondè ta ka vini avèk:
- Kayo san
- Kèplen oswa vomisman
- Domaj nan po a, nan tisi toupre yo oswa nan lòt pati kò a



## Kesyon pou poze

Men kèk kesyon ou kapab poze doktè ou ak ekip swen sante ou:

- WPou kisa mwen bezwen operasyon sa a?
- Ki risk ki genyen nan operasyon sa a?
- Èske gen bagay espesyal mwen bezwen fè anvan operasyon an?
- Èske mwen kapab kontinye pran lòt medikaman ak sipleman mwen yo anvan ak apre operasyon an?
- Konbyen tan operasyon an pral pran?
- Ki kote operasyon an pral fèt epi konbyen tan m ap bezwen rete nan kote a?
- Èske m ap bezwen lòt tretman?
- Kijan mwen pral santi mwen apre operasyon an?
- Ki efè segondè mwen kapab genyen apre operasyon an?
- Kijan mwen pral kontwole efè segondè mwen yo epi kisa mwen kapab fè konsènan yo?
- Kilè mwen kapab manje ak bwè apre operasyon an? Kisa mwen kapab manje oswa bwè?



- Èske mwen pral bezwen pran medikaman apre operasyon an?
- Konbyen tan m a p gen pou rete tann pou retounen nan aktivite nòmal mwen yo?
- Èske asirans mwen pral peye pou operasyon sa a? Ki kantite lajan mwen pral gen pou peye?
- Kilè mwen ta dwe rele doktè a ?
- Kilè m ap bezwen wè doktè a ankò?

## Lè pou rele doktè ou

Rele doktè oswa enfimyè ou si ou remake ou gen nenpòt nan sentòm sa yo apre ou fè operasyon an.

- Yon tanperati kò ki pi wo pase tanperati nòmal kò ou (lafyèv) Doktè ou ap fè ou konnen ki tanperati ki se yon lafyèv ak lè pou rele.
- Senyman nan kote ou te fè operasyon an oswa nan yon lòt kote.
- Doulè nan kote ou te fè operasyon an ki pa kontwole avèk medikaman doktè a preskri ou.
- Maltèt ki pa nòmal pou ou, oswa doulè ki pa nòmal nan janm ou, pwatrin ou oswa vant ou.
- Twoub pou respire
- Twoub pou manje ase oswa pou bwè ase fliiyid.
- Doulè lè ou vide blad-pipi ou oswa ou pase pipi ki santi move oswa ki twoub.
- Ou konstipe oswa ou pa kapab fè poupou.

**Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd jou-apre-jou ak sipò, rele American Cancer Society nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org/surgery**.**

Nou la lè ou bezwen nou.

